# «НЭЛАТ»

Нэмыс пхэмылъу упсэунум

КъэбгъащIэр, жыIэт, сыт ищIыс?

Уахътыр къэблагъэу,псэр хэкIыным

Нэсыху уи напэм егупсыс!

-Жьым пщIэ хуэщIыныр зэи мыкIуэдыж хабзэщ. Ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ ХьэхъупащIэ Амырхъан итха «Нэлат» жыхуиIэ хъыбарым и теплъэгъуэм.Гукъыдэж зиIэ псоми мыбы дерс къыхэфхыфынущ.



-Сэ схьыжын
щIагъуэ щыIэу
къыщIэкIынкъы
м . Иджы
гупсысапIэу
сиIэр зыщ- си
къуэхэр бынунэу
згъэтIысауэ
сылIэмэ, сылIауэ
къэслъытэнкъы
м.
Уасхуепсэлъамэ
хъунт уэ абыхэм



Ди щауэ щIалэхэр
Шэсмэ, зытесыр алащащхъуэу,
Куафэ щхъуантıэу ,
Кумбым ипкIэмэ, къипкIыжы
 Iэкıэ ıэсэу,
ЛъэкIэ псынщIэу ,
ЛъэрыкIуэныфIэу,
ЛIыфI щымыщIэу,
Лъэдакъацэ мащIэу,
ЩхьэщIыцэ кIыхьу,
Гъуэгу кıыхь якIуми ,емышу,
Ежьэм –я гъуэгур бзэпсу,
Я псыр чэнжу,
Къагъэзэжмэ- ди уэредадэу
Дунейм фIыгъуэкIэ тегъэт !





*Ди нысэ цIыкIу къэтшахэр*
*Фадэм хуэдэу Iущащэу*
*Мэлым хуэдэу Iущабэу,*
*Джэдым хуэдэу быныфIэу,*
*ХьэфIым хуэдэу Iумахуэу,*
*ШыфIым хуэдэу цIэрыIуэу,*
*Жыхапхъэр ялъэфу,*
*унафэм едаIуэу,*
*ТхъэмадэкIэ Iэсэу,*
*ПщыкъуэкIэ гумащIэу,*
*Унэр я гуу,*
*ЛIыр я псэу*
*Дунейм фIыгъуэкIэ тегъэт!*








Кхъ
Кхъу
Л
Лъ
Я
I
Iу


Ы
Ъ
Ь











ХьэгъуэлIыгъуэм сыт хуэдиз и дахагъыу екIуэкIами,

ерыскъыуэ сыт хуэдиз абы къыщаIэтами –ар псалъэкIэ Iуэтэжыгъуейщ.Ауэ гурыIуэгъуэ хъуар

зыщ: «Нэхъыжь НЭМЫС,НЭХЪЫЩIэ насып»-мыпхуэдэ псалъэхэр къыщемыкIуэкIыж хъуащ мы унагъуэм.





*- Сыту фIыт укъызэрыкIуар. Сызыхуейрат, си щIалэ, сэ схьыжын щыIэу къыщIэкIынкъым. СымылIэ щIыкIэ си гъэтIылъыгъэм щыгъуазэ усщIыну арат. КIуэи мо шыгъуэгум дэт тутей жыгыжьым и лъабжьэм щIэстIауэ щыташ жэз пхъуантэ цIыкIуи къысхуэхь.*



-Мис, ди адэ, къэсхьащ.

-Си щIалэ,нэхъыщIэр быным я нэхъ щIасэщ. Уэращ си быным я нэхъыщIэр. Уэ плъэгъуаи, къэпшхаи щыIэкъым.Уи шынэхъыжьитIым нэхъыби ялъэгъуащ, нэхъыби яхуэсщIащ.Уэ пхуэсщIагъэшхуэ зэрыщымыIэм сигу ириныкъуэщ.Абы къыхэкIкIэ мы си гъэтIылъыгъэр уэращ зыхуэсхъумар.Ауэ, сылIэху тIэкIукIэ, уи нэIэ къыстегъэт, ди нысэ цIыкIури пщэдджыжькIэ къэбгъакIуэурэ тIэкIу къыскIэлъыгъэплъ.



-Уэлэхьэ, ди адэ, арыншэми, гулъытэншэ дыпхуэмыхъун.





-Уэращ си къуэ курытыр. Уэращ сэ къысщхьэщытри, мы пхъуантэ цIыкIум дэлъыр уи мылъкущ. Ауэ, сыпсэуху тIэкIукIэ уи нэIэ къыстегъэт закъуэ. Ди нысэ цIыкIури махуэкIэ къыщIэбгъыхьэурэ къыскIэлъыгъэплъ.



-УкъыщIезджарат. ЩIэм щ1э и Iуэхущ, гупсэхуу гулъытэ япэ зыщIыфри нэхъыжьщ. Си бын нэхъыжьыр уэращ. Уи нэхъыжьыгъэм гуапагъэ сыщигъэщIакъым. Аращи, сыпсэужыху тIэкIукIэ, уи гулъытэ сыщумыгъэщIэж. Ди нысэ цIыкIури пщыхьэщхьэкIэ къыщIэбгъыхьэурэ тIэкIу къыскIэлъыгъэплъ.Мы пхъуантэри уэ къыпхузогъанэ.

-Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу ,ди адэ!Зы махуэ закъуи гулъытэншэ сыпхуэхъункъым.



# Пщэдджыжьым.







# Шэджагъуэм.







# Пщыхьэщхьэм.





*Ауэ куэдрэ псэужакъым тхьэмадэр...*

Пхъуантэр
уэсят
зыхуищIар
сэращ



Пхъуантэр
уэсят
зыхуищIар
сэращ!

Пхъуантэр
уэсят
зыхуищIар
сэращ!

***-Мы пхъуантэм дэлъу къыщIэкIынщ фи адэм и уэсятыр.***









***-КъуэфIми къуэ бзаджэми – адэр лIэным пэплъэу , адэ щIэиным щIэнэцIу, зи адэр IэщIыб зыщIым мы къупщхьэжьым нэхъ насып яхуэфащэкъым.***





Нэмыс пхэмылъу упсэунум
Къэбгъащlэр, жыlэт, сыт ищlыс?
Уахътыр къэблагъэу,псэр хэкlыным
Нэсыху уи напэм егупсыс!



***Лэжьыгъэр зейр Зеикъуэ курыт еджапIэ №4-м и егъэджакIуэ ГъукIэ ХьэIишэт Берд и пхъурщ.***